

Kondisyon pou Gradyasyon Eta New York la





Konprann Egzanpsyon akòz Ijans Sante Piblik COVID-19 la

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, Konsèy Rejan te apwouve egzanpsyon nan kondisyon pou elèv yo ka genyen yon diplòm lekòl segondè Eta New York.

Elèv yo bay yon egzanpsyon yo pa oblije pase egzamen espesifik sa a (yo) pou reponn ak kondisyon pou evalyasyon pou nenpòt kalite diplòm (lokal, Rejan oswa Rejan ak deziyasyon avanse). Elèv yo kenbe egzanpsyon an jiska gradyasyon yo oswa nan lè y ap kite lekòl segondè.

Egzanpsyon akòz COVID-19 la

Elèv ki te ranpli youn nan kondisyon sa yo te kalifye pou egzanpsyon nan egzijans diplòm pou yo pase yon Egzamen Rejan:

	Enskri pandan ane lekòl 2019-2020 la oswa 2020-2021 an nan yon pwogram etid ki abouti nan yon Egzamen Rejan epi genyen kredi nan pwogram etid sa a anvan Out 2021 oplita;
	Enskri kòm yon elèv ki nan 7yèm ak 8yèm ane pandan ane lekòl 2019-2020 la oswa 2020-2021 an, nan yon pwogram etid ki mennen nan yon Egzamen Rejan, epi atenn rezilta aprantisaj yo pou pwogram etid sa yo anvan mwa Out 2021 oplita;
	Reyisi yon pwogram makiyaj anvan mwa Out 2021 oplita nan yon pwogram etid abouti nan yon Egzamen Rejan; oswa
	Kredi klas ou te deja jwenn nan yon pwogram etid ki mennen nan yon Egzamen Rejan, Egzamen an, ou poko pase Rejan ki asosye yo, men ou gen entansyon fè tès la nan mwa Jen/Out 2020 oswa Jen/Out 2021 pou jwenn yon nòt pasaj.




Ou ka jwenn plis enfòmasyon espesifik sou egzanpsyon janvye 2021 an nan [Kesyon Moun Souvan Poze Egzanpsyon Janvye yo](#).



Dwa Paran an pou I Refize Egzanpsyon yo

Paran ak moun ki gen relasyon paran ak elèv ki kalifye pou yo diplome kòm yon rezilta nan ranpli kondisyon evalyasyon atravè yon egzanpsyon akòz COVID-19 la, ka refize egzanpsyon sa yo.

Si yon paran refize yon egzanpsyon, li enpòtan pou sonje:

	desizyon an pa ka chanje;
	elèv la p ap kalifye pou li gradye jiskaske elèv la ranpli tout kondisyon evalyasyon gradyasyon yo, ki gen ladan sa yo elèv la te deja kalifye pou jwenn yon egzanpsyon epi paran an te refize egzanpsyon sa a; ak
	elèv la ap rete kalifye pou resevwa yon edikasyon piblik gratis jouk nan fen ane lekòl la ladan timoun nan rive nan laj 21 lane oswa pran yon diplòm, kèlkeswa sa ki dwe fèt an premye a.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan memo a, [Dwa Paran pou I Refize Egzanpsyon Egzamen](#).



So ak Andòsman

Elèv yo ka toujou genyen tout kalite diplòm, so ak andòsman.

Onè	<p>Elèv ki gen yon minimòm twa (3) egzamen Rejan ki aplikab pou kalite diplòm lan Egzanpsyon akòz COVID-19 ta dwe soti nan kalkil la. Si mwayèn yo kalkile nan nòt Egzamen Rejan yo egzije pou diplòm lan (pa egzansyon ladan) egal 90 oswa pi wo, elèv la resevwa andòsman onorab.</p> <p>Elèv ki gen pi piti pase twa (3) Egzamen Rejan ki aplikab pou kalite diplòm lan Nòt final klas elèv la pou chak egzamen Rejan yo egzante, yo pral ranplase l nan kalkil onè a. Si mwayèn yo kalkile Egzamen Regents yo note bay nòt yo ak nòt klas final yo pou kou yo te akòde egzansyon yo egal a 90 oswa pi wo, elèv la resevwa andòsman onorab.</p>
Metriz	<p>Elèv ranpli tout kondisyon yo pou Deziyasyon Avanse; ak</p> <ul style="list-style-type: none">• pase 3 Egzamen Rejan nan Matematik/Syans ak yon nòt 85 oswa plis; oswa• pase 2 Egzamen Rejan nan Matematik/Syans ak yon nòt 85 oswa pi wo epi yo te akòde li yon egzansyon sou yon twazyèm Egzamen Rejan nan matematik/syans; oswa• pase 1 Egzamen Rejan nan Matematik/Syans ak yon 85 oswa pi wo epi resevwa yon nòt klas final 85 oswa pi wo nan 2 lòt Matematik/Syans kou abouti nan yon Egzamen Rejan pou Egzamen yo akòde yon egzansyon.

Ou ka jwenn lòt enfòmasyon sou sitwèb [Andòsman ak So](#) a.

Lòt Egzanpsyon:

Anplis de egzansyon nan Egzamen Rejan yo, yo ka egzant elève yo tou de bagay sa yo nan sèten sikonstans. Gade Kesyon Moun Souvan Poze pou plis enfòmasyon:

- Kondisyon Laboratwa Syans pou Admisyon nan yon Egzamen Rejan pa fini akòz COVID ([FAQ](#) #s 4, 13)
- Egzamen kontwòl A/B nan Lòt Lang Ki Pa Anglè (Languages Other Than English, LOTE) ([FAQ](#) #s 21, 39, 43)
- Egzamen Filyè Depatman an Apwouve ([FAQ](#) # 22, 23)
- Egzamen Altènatif Depatman an Apwouve ([FAQ](#) #24)
- Evalyasyon Teknik Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE) ([FAQ](#) #25, 27)
- Kondisyon pou Devlopman Pwofesyonèl ak Etid Metye (Career Development and Occupational Studies, CDOS) Atestasyon Fen Etid pa t fini akòz COVID ([FAQ](#) #23, 28-30, 32)

Kesyon Moun Poze Souvan

Egzansyon Jen 2021 ak Out 2021

[Kesyon Moun Poze Souvan Ki gen Rapò ak Egzanpsyon nan Egzijans Diplòm nan dat Jen 2021 ak Out 2021 an](#)

Egzansyon Janvye 2021

[Kesyon Moun Poze Souvan ki Gen Rapò ak Anilasyon Egzamen Rejan Lekòl Segondè Eta New York la \(NYS\) nan dat Janvye 2021](#)

Egzansyon Jen 2020 ak Out 2020

[Egzamen Rejan ak Kondisyon pou Gradyasyon: Kesyon ki Gen Rapò ak Fèmti COVID-19 la](#)



Lòt Resous

Pajwèb NYSED

[Kowonaviris \(COVID-19\)](#)

[Edikasyon Jeneral ak Egzijans Diplòm](#)

[Konprann Egzijans Diplòm NYS: Resous Familyal](#)

Ou Gen Kesyon?

Kontakte Biwo Kourikoulòm ak Enstriksyon an nan emscgradreq@nysed.gov oswa (518) 474-5922